

# **Kesyon yo Poze Souvan pou Lidè Kominotè yo sou Kolèk Done nan Lopital yo nan tout Eta New York**

## **Kilè egzijans sa a pral antre anvigè?**

*Depi janvye 2014, nan efò pou respekte nòm ofisyèl federal pou Pwoteksyon Pasyan ak Lwa Swen Abòdab la (PPACA, Patient Protection and Affordable Care Act), yo rele òdinèman Lwa sou Swen Abòdab (ACA, Affordable Care Act), Eta New York egzije pou tout lopital Eta New York yo ak sant chiriji anbilatwa nan tout Eta New York kolekte pi gwo kantite done sou ras ak gwoup etnik nan men chak pasyan.*

## **Poukisa y ap poze kesyon sa yo?**

*Pou yo ka bay pi bon sèvis ak rezilta sante, lopital yo bezwen kèk enfòmasyon debaz nan men chak pasyan; sa gen ladan adrès, laj, sèks, ras ak gwoup etnik. Amelyorasyon/Elajisman kolèk enfòmasyon sa a pral pèmèt lopital ak etablisman yo konprann pi byen pasyan ak kominote y ap sèvi yo epi founi sèvis sante ki adapte pou bezwen chak pasyan. Metòd sa a pral ede abòde diferans nan rezilta sante yo ka jwenn, epi anfennkont amelyore rezilta sante yo.*

## **Poukisa y ap mande m enfòmasyon konsènan ras ak gwoup etnik mwen?**

*Kilti, lang, sityasyon sosyo-ekonomik, laj, sèks, ras ak gwoup etnik gen enfluyans sou fason yon moun resevwa ak/oswa itilize swen sante. Lè Founisè yo konnen bagay sa yo, li pral pèmèt yo bouche pi byen twou vid ki genyen nan swen sante yo epi gide pwogram ak aksyon k ap pran pou amelyore sante tout Moun nan New York.*

## **Kisa ras ak gwoup etnik gen pou wè ak sante?**

*Menmsi tout moun gen bagay ki sanble, orijin rasyal ak etnik nou ka mete nou nan risk ki pa menm pou sèten maladi. Nou ka travay pou diminye risk sa yo si nou asire tout moun jwenn swen sante ki byen adapte e ki gen kalite siperyè.*

## **Èske sa legal?**

*Wi, kolèk enfòmasyon sa se yon egzijans nan Seksyon 4302 nan Lwa sou Swen abòdab la. Lwa a mande, depi yo fin tabli nòm pou kolèk done yo, yo dwe itilize yo pou amelyore kapasite sistèm sante piblik ak swen sante pou idantifye epi pou swiv diferans ki genyen nan sante ak swen sante, ak pou kreye pi gwo responsablite pou diminye diferans sa yo.*

## **Pou kisa yo pral sèvi ak enfòmasyon yo?**

*Yo pral itilize enfòmasyon yo pou idantifye kèlkanswa diferans ki genyen nan sante ak swen sante nan mitan divès popilasyon ak pou bay pi bon swen ki posib.*

## **Kesyon yo Poze Souvan pou Lidè Kominotè yo sou Kolèk Done nan Lopital yo nan tout Eta New York**

### **Kiyès ki pral wè enfòmasyon sa yo?**

*Enfòmasyon sa yo ap rete prive ak konfidansyèl e lalwa pwoteje yo. Sèl moun ki pral wè enfòmasyon sa yo se manm nan ekip swen sante ak lòt moun ki otorize pou wè dosye medikal la.*

### **E si yon moun gen yon enkyetid konsènan sitiyasyon imigrasyon li lè yo mande li enfòmasyon sou ras ak gwoup etnik?**

*Yo pa poze kesyon sou ras ak gwoup etnik pou idantifye oswa pou jwenn sitiyasyon imigrasyon; yo pa pral rapòte repons pou kesyon bay otorite yo.*

### **Kijan lopital yo pral kolekte enfòmasyon sa yo?**

*Estaf Lopital la pral mande pasyan an pou li idantifye pwòp tèt li swa aloral oubyen nan yon fòm yo fè pasyan an ranpli. Sa kapab fèt nan anrejistreman oswa nan admisyon dapre sistèm lopital la.*

*\*Idantifye pwòp tèt ou se lè yon moun bay enfòmasyon sou jan li wè pwòp tèt pèsònèlman pou sa ki konsènen enfòmasyon demografik tankou: sèks, ras ak gwoup etnik.*

### **Kisa mwen ka fè kòm Lidè Kominotè pou ede?**

*Lidè ak òganizasyon kominotè yo ka ede diminye baryè ki anpeche kolekte done sou ras ak gwoup etnik si yo pale ak manm kominote a osijè rezon ki fè y ap kolekte done sa yo, rezon ki fè li enpòtan pou lopital yo kolekte enfòmasyon sa yo e a kisa manm kominote yo dwe atann yo lè yo ale nan lopital la.*